



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU DEMAND DONE
ELEKTORAL, KOMISYON ELEKSYON AN**

“Komisyon Eleksyon (Election Commission) Prezidan an ap voye demand bay tout 50 eta yo pou enfòmasyon pèsònèl tout elektè nan chak eta – ki enkli non, dat nesans, kat dènnye chif Nimewo Sekirite Sosyal yo, ak antesedan elektè a. Pwosesis elektoral la sakre, e lwa New York la genyen garanti sou plas pou anpeche pataj done elektè ki sansib ak asèlman kont sila yo ki egzèsè dwa yo pou vote.

New York refize kontinye mit ke fwod elektoral te jwe yon wol nan eleksyon nou an. Nou pap konfòme ak demand sa e mwen ankouraje Komisyon Eleksyon an pou travay sou pwoblèm enpòtans vital pou elektè yo, ki enkli aksè nan bilten yo, olye li konsantre sou teyori fwod elektoral ridikil”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418